



Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU AKTIVITE
PREPARASYON KONT TEWORIS NAN TOUT ETA A AN 2024**

Plis pase 900 egzèsis konjwen fòmasyon kont teworis te fèt ane pase

*Yo evalye plis pase 200 lokal rasanbleman an mas nan tout eta a ki enkli estad,
kanpis ak sant transpò*

*Egzèsis ki fèt nan biznis, sit enfrastrikti enpòtan yo, estasyon tren yo ak lokasyon
kamyon yo pou ogmante vijilans ak rapò ki gen rapò ak aktivite yo sispèk*

*Piblikla dwe rapòte aktivite ki sispèk yo bay fòs de lòd yo nan 1-866-SAFE-NYS
(1-866-723-3697)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Kont Teworis (Office of Counter Terrorism, OCT) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta Nouyòk la te fè egzèsis fòmasyon nan plis pase 900 lokal nan tout eta a an 2024 pou ogmante vijilans piblik ak rapòte aktivite ki sispèk yo. Sa te gen ladan evalye plis pase 200 lokal enfrastrikti atravè eta a. Ekspè kont teworis yo ki soti nan plis pase 80 ajans fòs de lòd federal, eta, lokal, ak tribal yo te konplete egzèsis pou evalye kapasite biznis yo pou rekonèt ak rapòte aktivite ki sispèk nan prèske chak konte nan eta a. Ekip fòs de lòd yo ak OCT yo te konplete tou 66 operasyon batay kont teworis nan tren NY-SECURE ane sa a pou fè vwayajè yo sonje enpòtans kanpay 'See Something, Say Something'. Gouvènè Hochul te bay finansman tou pou deplwaye douz anketè adisyonèl ak de ofisyè komisyone nan gwoup Fòs Operasyonèl Konjwen pou Konbat Teworis FBI la nan Vil Nouyòk, Albany, Buffalo, Rochester ak Plattsburgh. Gouvènè Hochul te finanse tou yon ekspansyon nan Sant Ransèyman Eta Nouyòk, ki te enkli adisyon analis ransèyman sou medya sosyal ak analis ransèyman kont-teworis.

"Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se priyorite prensipal mwen — e pou nou fè sa, nou dwe toujou pare pou aji lè yon dezaz frappe." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk egzèsis fòmasyon sekirite ak evalyasyon sa yo ki fèt an patenarya avèk fòs de lòd lokal, eta ak federal, nou asire ke sekouris yo gen konesans ak resous yo bezwen pou pwoteje kominote yo, epi tou fè sèten ke piblik la rete an alèt ak vijilan."

Ekip fòs de lòd atravè eta a te fè egzèsis ki te enplike plis pase 350 pèsonèl fòs de lòd nan chak nan 16 zòn kont teworis yo nan eta a. Nan kad pwosesis sa a, ekip yo te evalye rapò ak rekonesans aktivite sispèk nan plis pase 700 detayan ak biznis ki vann pwodwi chimik, konpoze, konpozan, sèvis, oswa lwe espas oswa resous ki ta ka eksplwate atravè moun ki gen entansyon malveyan. Sa yo te enkli 36 lokal lokasyon kamyon nan ane 2024 ak plis pase 600 depi 2016. Nan kad egzèsis yo, ekip yo te evalye tou plis pase 200 lokal enfrastrikti atravè eta a, ki gen ladan estad ak ansent yo, sant komèsyal yo, fakilte ak inivèsite yo, ayewopò yo, sant transpò piblik yo ak lòt lokal rasanbleman an mas yo. Senkant uit pousan nan lokal yo te nouvo epi pa te resevwa vizit nan ane anvan yo, sa ki te yon ogmantasyon 18 pousan pa rapò ak 2023. Plis pase 7,300 egzèsis an total te fèt atravè Nouyòk depi 2016.

OCT te fòme yon lòt 1,400 Nouyòkè atravè plis pase 50 prezantasyon Konsyantizasyon sou teworis atravè Nouyòk, epi Ekip Repons Ensidan Sibènètik OCT a te bay plis pase 2,600 moun ki gen enterè nan gouvènman lokal ak eta a enfòmasyon sou menas sibènètik pou asire konsyantizasyon ak preparasyon.

Depi lè efò kowòdone eta a te lanse an 2016, rapò sou aktivite sispèk yo bay Liy Konsèy kont Teworis Eta Nouyòk pandan egzèsis sa yo te ogmante a 33 pousan, sa ki montre sansibilizasyon ak fòmasyon efikas ansanm ak plis vijilans piblik la ak rapò.

Operasyon NY SECURE

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta a te fè patenarya ak ajans fòs de lòd federal, eta ak lokal yo nan "Operasyon NY-SECURE" pou mennen operasyon kont teworis ak entèkansyon nan ka ensidan sou wout Amtrak ak liy transpò MTA yo. Operasyon sa yo ede amelyore kowòdinasyon ak repons ant ajans lapolis wout tren an yo ki responsab pou chak estasyon yo, ak ajans fòs de lòd eta ak lokal yo k ap reponn lè gen ijans nan lokalite sa yo. Detay vizib, ki pa anonse sa yo gen ladan yo patwouy ki pi entans sou platfòm yo, ogmantasyon prezans fòs sekirite sou tren yo, rechèch ak chyen ki espesyalize nan deteksyon eksplozif, ak mezi kont-siveyans yo.

An 2024, Operasyon NY-SECURE te konplete 66 operasyon atravè eta a. Ekip yo te fè 54 operasyon nan estasyon endividyèl yo atravè eta a, ak 12 operasyon nan plizyè estasyon nan estasyon Amtrak ak MTA alantou Empire Line. Depi kreyasyon pwogram nan an 2018, ekip ki fòs de lòd yo te fè plis pase 513 operasyon atravè eta a. Detay sa yo pral kontinye an 2025.

"Si Ou Wè Yon Bagay, Di Yon Bagay" (If You See Something, Say Something)

N ap fè Nouyòkè yo sonje pou yo rete vijilan nan antouraj yo, epi rapòte nenpòt aktivite ki parèt sispèk. Ou ka fè rapò nan telefòn oswa sou entènèt bay [Liy Konsèy Teworis Sant Ransèyman Eta Nouyòk la nan 1-866-SAFENYS \(1-866-723-3697\)](#). Nouyòkè yo kapab tou telechaje aplikasyon telefòn "See Something, Say Something" lan sou [pajwèb Safeguard New York](#) (Pwoteje Nouyòk). Si se yon ijans, rele 9-1-1.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta Nouyòk la, Jackie Bray, te deklare, "N ap travay nan tèt kole ak gouvènman lokal nou yo ak patnè fòs de lòd yo

pandan tout ane a, ap fè fòmasyon sou sekirite pou prepare pou zak teworis ki ka rive. Evènman nan New Orleans ak Las Vegas yo se rapèl trajik sou kijan li enpòtan pou nou tout rete vijilan, rete an alèt, epi rapòte aktivite ki sispèk pou ede pwoteje sekirite nou."

Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk la, Steven G. James, te deklare, "Edike biznis ak piblik lan sou kijan pou detekte aktivite ki sispèk yo epi enfòm fòs de lòd yo sa se yon pati enpòtan pou anpeche teworis. Planifikasyon, kowòdinasyon, ak fòmasyon yo tout nesèsè pou asire premye sekouris lokal yo ak eta yo pare pou travay an kolaborasyon pou diminye nenpòt kalite sitiyasyon ijans. Egzèsis sa yo endispansab pou efò kontinyèl nou pou pwoteje ak kenbe Nouyòkè yo an sekirite."

Nan jou apre fiziyad an mas rasis la ki te touye 10 moun nan yon magazen Tops Friendly Markets nan Buffalo nan dat 14 me 2022, Gouvènè Hochul te pibliye [Dekrè Egzekitif 18](#) ki kreye premye Inite Prevansyon Teworis Lokal (Domestic Terrorism Prevention Unit) Nouyòk la nan DHSES, ki kounye a anboche 18 moun epi egzije chak konte nan eta a ak Vil Nouyòk pou devlope plan pou konfwonte teworis lokal. Sa te enkli 20 milyon dola jiska dat pou sipòte devlopman ekip lokal miltidisciplinè Evalyasyon ak Jesyon Menas (Threat Assessment and Management, TAM) nan tout 57 konte yo ak Vil Nouyòk. Kounye a genyen 47 ekip TAM, epi rès konte yo ap pran mezi pou kreye pa yo. Ekip TAM sa yo ede adrese konpòtman ki poze pwoblèm nan premye etap yo anvan moun yo pran mezi ki mennen nan radikalism, epi gen ladan yo òganizasyon lokal tankou fòs de lòd, lekòl, pwofesyonèl nan domèn sante mantal, ak lòt moun pou konfwonte teworis lokal, ekstremis nan vyolans lokal ak vyolans sible. Nan novanm 2023, Gouvènè Hochul te elaji misyon DTPU a pou bay fòmasyon ak sipò bay tout fakilte ak inivèsite atravè eta a. Jodi a, rezo ekip TAM Eta Nouyòk la gen plis pase 800 pati konsène ki patisipe nan efò pou anpeche vyolans sible nan tout eta a — yon ogmantasyon 25 pousan pa rapò ak 2023.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite DHSES sou Facebook, sou Twitter oswa vizite dhSES.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)